



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN PWOJÈ RANPLASMAN PON NAN LIVINGSTON AVENUE K AP POTE TRANSFÒMASYON NAN ALBANY AK RENSSELAER

Odisyon vityèl 31 me ki pral swivi pa yon evènman an pèsòn nan The Palace Theater 1e jen

Gwo etap enpòtan nan pwojè pou ranplase pasaj tren depi nan epòk gè sivil la pa espas modèn ki gen ladann aksè pou bisiklèt ak pyeton

Gade reprezantasyon grafik yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon gwo pa annavan nan pwojè pou ranplase Pon Fewovye Livingston Avenue (Livingston Avenue Railroad Bridge) nan Albany ak Rensselaer. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pral òganize odyans piblik yo 31 me ak 1e jen, sa k ap bay rezidan Rejyon Kapital yo yon opòtinite enpòtan pou aprann sou pwojè transfòmasyon sa a epi bay opinyon. Nouvo plan kapital DOT 32.8 milya dola a gen ladan jiska 400 milyon dola pou ranplase pon ki egziste deja depi nan epòk Gè Sivil la avèk yon nouvo estrikti modèn ki kapab sipòte transpò fewovye pasaje ki gen pi gwo vitès, transpò fewovye machandiz, transpò maritim, ak aksè ak bisiklèt ak pyeton. Pon an founi yon lyen enpòtan pou sèvis fewovye pasaje yo soti nan Koridò Nòdès la pou rive nan Albany-Rensselaer.

"Nenpòt moun ki monte tren yo nan nò Eta New York konnen twò byen reta vwayaj ke Livingston Avenue Bridge ki demode a koze", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ranplase relik 19èm Syèk sa a pral non sèlman amelyore sèvis tren pasaje ak machandiz nan tout New York, men li pral bay siklis, randone ak pyeton yo tou yon nouvo fason ki pi an sekirite pou travèse Rivyè Hudson lan. Jodi a make yon gwo pa an avan nan pwojè transfòmasyon sa a, epi mwen ankouraje tout rezidan Rejyon Kapital ki enterese yo pou yo patisipe nan youn nan odyans piblik yo."

Odyans piblik yo se yon eleman kle nan kad efò angajman piblik DOT epi yo obligatwa nan kad pwosesis revizyon eta ak federal la. Y ap fè yon odyans vityèl a 6 p.m. èkredi 31 me, epi yo ka jwenn aksè ak li atravè [Zoom isit la](#). Yo pral fè yon odyans an pèsòn a 6 p.m. jedi 1e jen nan The Palace Theatre nan Clinton Avenue nan Albany. Toulede

sesyon yo pral prezante prezantasyon enfòmatif sou pwojè a pa pèsonèl DOT yo. Yon evalyasyon anviwònmanal ki fèk fini pou pwojè a disponib pou revizyon [isit la](#).

Pon Fewovye Pasaje Livingston Avenue an te konstwi sou Rivyè Hudson an 1865. Li konekte Rensselaer ak Albany atravè fewovye epi bay yon santye enpòtan pou sèvis fewovye pasaje depi Vil New York rive Lwès New York. Deteryorasyon estrikti aktyèl la, ke CSX posede epi Amtrak lwe, limite pasaj tren yo nan youn alafwa nan vitès 24 km pa lè. Nouvo pon an pral pèmèt amelyore sèvis pasaje yo.

Pon balanswa aktyèl mobil la ap ranplae pa yon nouvo pon nan estil elevatè k ap pote estrikti a nan estanda modèn pou wotè, lajè ak vitès pou tren pasaje ak machandiz epi k ap akomode yon fason pi fyab trafik maritim apati Hudson River. Nouvo pon an pral sitiye nan sid pon ki egziste deja a nan yon aliyman paralèl epi ap pote de chemen de fè. Travay vwa apwoksimasyon an pral gen ladan amelyorasyon nan jonksyon triyangilè chemen de fè sou kote Rensselaer pou fasilite mouvman viraj tren yo ak reyabilitasyon pon fewovye nan Water ak Center Streets sou kote Albany. Nouvo pon an pral gen ladan tou yon chemen a izaj pataje ki separe ki konekte Pasrèl Albany an ak Santye Empire State la nan Vil Rensselaer.

Yo prevwa kòmanse konstriksyon an nan fen ane 2023. Finisman nouvo pon an, ke yo prevwa nan fen ane 2026 la, pral bati sou siksè pwojè anvan yo nan yon zòn ozalantou Vil Albany, ki gen ladan Pasrèl Albany an, ki te transfòme yon ranp sòti nan direksyon nò Interstate 787 ki pa te itilize ase an yon pak ki eleve ki konekte anba lavil la ak Rivyè Hudson; ak Santye Empire State istorik la, ki kouvri 1207 kilomèt ak soti nan Vil New York atravè Hudson ak Champlain Valleys rive Kanada ak soti Albany rive Buffalo sou Kanal Erie a

Komisè Depatman Transpò New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Ranplasman Pon Fewovye Livingston Avenue an se yon lòt demonstrasyon angajman istorik Gouvènè Hochul pran pou rekonstwi enfrastrikti enpòtan Eta New York la epi fè sa nan yon fason ki amelyore mobilite, ranfòse ekonomi nou an epi rasanble moun ak kominote yo. Odyans piblik sa yo se yon opòtinite enpòtan pou tandè kominote a pandan n ap devlope pwojè sa a epi asire yon rezilta final ki fè tout Nouyòkè fyè."

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "Mwen rejwenn tout Rejyon Kapital la k ap selebre kòmansman pwojè sa a ke yo t ap tann depi lontan an. M te travay, ane pase, pou sekirize 16 milya dola pou Amtrak te fè amelyorasyon enfrastrikti yo, epi mwen te ankouraje yo pou yo fè Pon Livingston Avenue an yon priyorite pensipal nan Empire Line lan. Pon an se yon pivo pou sikilasyon fewovye ak rivyè epi asireman, li kenbe pwomès pou transfòme rezo santye rivyè nou an nan Rejyon Kapital la. Nouvo pon an dwe genyen aksè pou pyeton yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Apil ane inaksyon ak mank investisman nan enfrastrikti nou an gen yon enpak negatif sou pakèt kominote yo, ogmante depans pou Ameriken yo ak frennen kwasans ekonomik nou an," Manm Kongrè Tonko te deklare. "Se poutèt sa mwen te goumen epi mwen te fyè pou m avanse lejislasyon ki gen ladan

Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law) nou an, ki fè envèstisman ki nesèsè depi lontan ki pral ede nou pwospere. Anons jodi a se yon etap pwisan nan direksyon pou bati enfrastrikti 21èm syèk nou an, epi mwen bat bravo pou tout moun ki enplike nan kad efò merite sa a."

Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare, "Odyans piblik yo pou Pon Livingston Avenue an pral bay yon opòtinite enpòtan pou manm kominote yo bay opinyon konsènan avni pon an ak yon vizyon sou sa ranplasman an pral genyen. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye fè pati pwosesis la epi tande opinyon yo."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Pwojè Ranplasman Pon Livingston Avenue a se yon lòt devlopman eksitan k ap ede revitalize anba lavil Albany pandan y ap rekonekte li ak pi gwo resous istorik ak natirèl nou an, litoral Rivyè Hudson lan Pon Livingston Avenue an pral kreye yon nouvo chemen milti-modal soti Albany rive nan Konte Rensselaer epi amelyore koneksyon ant kominote nou yo. Li ilistre tou yon nouvo vag envestisman sible ak transfòmasyon nan potansyèl ekonomik ak rejyonal anba lavil istorik Albany. Pandan n ap konsidere pou n konstwi sou travay sa a, k ap reyimajine plis nan I-787 pou rekipere ak jwenn aksè ankò ak bò dlo Albany an, Pon Livingston Avenue an pral konplete envestisman k ap kontinye ak renouvle nan nwayo Rejyon Kapital la."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Odyans piblik yo pou Pon Livingston Avenue an pral bay yon opòtinite enpòtan pou manm kominote yo bay opinyon konsènan avni pon an ak yon vizyon sou sa ranplasman an pral genyen. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye fè pati pwosesis la epi tande opinyon yo."

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare, "Pon Livingston Avenue jan li ye kounye a se yon endikasyon nan tan pase ki pa reflekte ankò chemen nou deja pase nan Konte Albany ak Rejyon Kapital la an tèm ekonomi nou an ak entèkoneksyon kominote nou yo. Ranplasman sa a pral amelyore transpò piblik ak komès - nan alafwa tren ak dlo - pandan y ap ranfòse rekreyasyon tou lè li pèmèt sikilasyon an sekirite pou bisiklèt ak apye atravè rivyè a. Finansman sa a se yon envestisman nan avni nou epi li pral fè pati enfrastrikti enpòtan sa a nan 21èm syèk la. Mwen kontan akeyi opinyon piblik la sou pwòje a."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Li depase enteresan pou nou avanse ak ranplasman Pon Fewovye Livingston Avenue an ke yo t ap tann depi lontan an. Envestisman 400 milyon dola Gouvènè Kathy Hochul la, ansanm ak yon pati nan 16 milya dola Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te garanti pou enfrastrikti reparasyon Amtrak nan tout peyi a, pral ede konplete pwòje sa a ki pare pou demare ki pral non sèlman revitalize pon an ki toupre nevyèm estasyon tren ki pi okipe nan peyi a, men ki pral kreye yon chemen ki pratik pou pyeton ak bisiklèt atravè Rivyè Hudson lan - sa k ap konekte davantaj Albany ak Riverfront nou an ak pwent lès la. Mwen ankouraje rezidan yo ak moun ki te defann yon nouvo Pon Livingston Avenue pou yo rantre nan odyans piblik sa yo pou aprann plis epi pwofite opòtinite opinyon sa a pou pataje sa yo ta renmen wè nan kad nouvo estrikti a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)